

# 3 oktòb

**Toujou sonje jou repo a pou nou mete l apa pou mwen. N ap travay sis jou. Lè sa yo, n ap fè tout sa nou gen pou fè. Men, setyèm jou a, se jou repo pou nou mete apa pou Senyè a, Bondye nou an. Jou sa a, nou pap fè okenn travay, ni nou menm, ni pitit gason nou, ni pitit fi nou, ni moun k ap travay lakay nou, ni bèt nou yo, ni etranje ki lakay nou.**

Egzòd 20. 8-10

## **Pawòl 4 : Se pou ou sonje jou repo a**

Izrayelit yo pa t dwe fè okenn travay nan setyèm jou nan semèn nan, ki se jou repo a. Yo te dwe rezève jounen sa pou Bondye. Se te plis pase yon ti poze nan aktivite yo, jounen sa te konsakre pou yo te fè lwanj pou Bondye ki te delivre yo nan lesklavaj nan peyi Lejip (Detewonòm 5. 15). Se te tou yon envitasyon pou yo antre nan repo Bondye a. Se te siy alyans Bondye ak pèp li a (Egzòd 31. 17).

Men, byen bonè, yo te gentan bliye vrè sans repo a. Lè Jezi te vini sou latè, nèg relijye yo te sèvi ak kòmandman sa pou yo te ka mete pèp la nan lesklavaj. Yo te kontrekare Jezi anpil fwa e yo te menm rayi l poutèt li te fè byen jou repo a (Matye 12. 12; Lik 13. 16).

Liv nan Bib la ki vini apre levanjil yo montre ke kòmandman pou obsève jou repo a pa konsènen kretyen yo. Apot Pòl konfime ke kretyen yo pa oblije respekte pratik ak jou patikilye jwif yo, kote ke li mete jou repo a (Galat 4. 10; Kolosyen 2. 16).

Premye kretyen yo te konn reyini le dimanch, premye jou nan semèn nan, pou yo adore Bondye (Travay 20. 7; 1 Koretyen 16. 2). Si setyèm jou a se te siy pou montre ke kreyasyon an te fini (Jenèz 2. 2), premye jou an, se jou rezireksyon Senyè Jezi a, ki inogire yon lòt kreyasyon (Mak 16. 9). Se li menm sèl ki ka ban nou repo ke nanm nou bezwen. “Jezi di nou, vini jwenn mwen, nou tout ki anba fatig ak fado, mwen menm, m ap ban nou repo” (Matye 11. 28).

# 3 octobre

**Souviens-toi du jour du sabbat, pour le sanctifier. Six jours tu travailleras, et tu feras toute ton œuvre ; mais le septième jour est le sabbat consacré à l'Éternel, ton Dieu : tu ne feras aucune œuvre, ni toi, ni ton fils, ni ta fille, ni ton serviteur, ni ta servante, ni ta bête, ni ton étranger qui est dans tes portes.** Exode 20. 8-10

## **Parole 4 : Souviens-toi du jour du sabbat**

Les Israélites ne devaient faire aucun travail le septième et dernier jour de la semaine, le sabbat. Ils devaient réserver cette journée à Dieu. Beaucoup plus qu'une pause dans l'activité, ce jour-là était consacré à la louange de Dieu qui les avait délivrés de l'esclavage de l'Égypte (Deutéronome 5. 15). Il était aussi une invitation à entrer dans le repos de Dieu. C'était le signe de l'alliance de Dieu avec son peuple (Exode 31. 17).

Mais ils ont oublié très tôt le sens du sabbat. Quand Jésus est venu sur la terre, les hommes religieux avaient fait de ce commandement un moyen d'asservir le peuple. Jésus a été beaucoup contredit et même haï parce qu'il faisait le bien le jour du sabbat (Matthieu 12. 12 ; Luc 13. 16).

Les livres de la Bible qui suivent les évangiles montrent que ce commandement de respecter le sabbat ne concerne pas les chrétiens. L'apôtre Paul confirme que les chrétiens ne sont pas tenus de respecter la liturgie et les jours particuliers des Juifs, dans lesquels il range le sabbat (Galates 4. 10 ; Colossiens 2. 16).

Les premiers chrétiens se sont réunis le dimanche, le premier jour de la semaine, pour rendre culte à Dieu (Actes 20. 7 ; 1 Corinthiens 16. 2). Si le septième jour était le signe de la création achevée (Genèse 2. 2), le premier jour est celui de la résurrection du Seigneur Jésus, qui inaugure une nouvelle création (Marc 16. 9). Lui seul peut nous donner le repos auquel notre âme aspire. "Venez à moi, nous dit Jésus, vous tous qui vous fatiguez et qui êtes chargés, et moi, je vous donnerai du repos" (Matthieu 11. 28).